

D + S
M

Soufrans ak lanmò¹
Granmèt nou
Jézu-Kri
dapré
kat Évanjélis yo

nan Léksionè Misèl Romin-an

Pou Dimanch Ramo ak Vandrédi Sin

Tèks ak mizik



DIMANCH RAMO

VÈSÈ ANVAN ÉVANJIL LA

Fil 2, 8-9

Jézu-Kri obéyi pou nou jouz nan lanmò, épi lanmò lakoua.

Sé pousa Bondié lévé-l anlè, li ba-l yon non, ki anlè tout non.

— ANÉ A —

SOUFRANS GRANMÈT NOU JÉZU-KRI DAPRÉ MATIÉ

Mt 26, 14-27, 66

"Ki sa nou vlé ban mouin, m-ap rinnmèt li ba nou"?

L.- Lè sa-a: Youn nan douz yo, sa yo té rélé Juda Iskariòt la,l-al kot chèf prèt yo, li di yo:

*.- "Ki sa nou vlé ban mouin, m-ap rinnmèt li ba nou"?

L.- Yo minm yo ranjé avèk li pou trant piès lajan. Dépi lè sa-a li t-ap chèché yon okazion pou-l rinnmèt !

"Koté ou vlé nou paré Pak la pou ou"?

L.- Prémié jou Azim yo, disip yo proché kot Jézu, yo di:

**.- "Koté ou vlé nou paré pou ou pou nou manjé Pak la"?

L.- Jézu minm di:

+.- "Alé nan vil la kot intèl, di-l: 'Mèt la di: Lè-m nan tou pré: sé lakay ou m-ap fè Pak la avèk disip mouin yo' ".

L.- Disip yo fè jan Jézu té pasé yo lòd la, yo paré Pak la.

"Youn nan nou ap bay mouin".

L.- Lè asouè rivé, li té atablé avèk douz disip li yo. Pandan yo t-ap manjé, li di:

+.- "An vérité mouin di nou gin youn nan nou k-ap bay mouin".

L.- Yo vi-n chagrin anpil, yo chak yo kòmansé ap di:

*.- "Èské sé mouin, Granmèt"?

L.- Li minm li réponn, li di:

+.- "Sa-a ki plonjé min-l ansanm ak mouin nan plat la, sé li minm k-ap bay mouin. Pitit moun nan apralé, jan yo ékri sou li-a; min madichon pou moun sa-a ki sèvi lantrémiz pou yo bay Pitit moun nan ! li t-a pi bon pou li, si-l pa-t janm fèt".

L.- Juda minm réponn, li minm ki té bay li-a, li di:

***.**.- "Èské sé mouin, Rabi"?

L.- Li di:

+.- "Ou di-l".

"Sa-a sé Kò mouin, sa-a sé San mouin".

L.- Pandan y-ap manjé, Jézu pran pin, li bénii, li kasé, li bay disip li yo, li di:

+.- "Pran, manjé: sa-a sé Kò mouin".

L.- Li pran kalis la, li di Bondié mèsi, li ba yo, li di:

+.- "Bouè ladan-l, nou tout; sa-a sé San-m pou novo kontra-a, ki vidé pou anpil moun pou padon péché yo. Mouin di nou: Mouin pap bouè nan foui pié rézin sa-a ankò, jous nan jou sa-a, lè m-a bouè-l avèk nou tou novo nan péyi-roua Papa-m nan".

L.- Lè yo fi-n di kantik la, yo soti al nan mòn pié Oliv yo.

"M-ap frapé gadyin-an, bann mouton yo ap gayé".

L.- Lè sa-a atò Jézu di yo:

+.- "Nou tout n-ap skandalisé poutèt mouin nan nuit sa-a; paské yo té ékri: 'M-ap frapé gadyin-an, bann mouton yo ap gayé'. Min apré-m fi-n lévé vivan, m-ap pran dévan nou nan Galilé".

L.- Piè pran laparòl, li di:

***.**.- "Minm si tout moun skandalisé poutèt ou, mouin minm minm mouin pap janm skandalisé".

L.- Min Jézu di-l:

+.- "Amèn mouin di-ou nan nuit sa-a minm, anvan kòk la chanté, ou-ap réfizé rékonèt mouin toua foua".

L.- Min Piè di-l:

***.**.- "Minm si mouin gin pou-m mouri avèk ou, mouin pap réfizé rékonèt ou".

L.- Tout disip yo di minm jan tou.

"Li kòmansé pran chagrin ak lapinn".

L.- Lè sa-a Jézu rivé avèk yo nan abitasion yo rélé Jétsémani, li di disip li yo:

+.- "Rétè isit la, pandan m-apral laba-a pou-m lapriyè".

L.- Li pran Piè ak dé pitit Zébédé yo, li kòmansé vi-n gin chagrin ak lapinn. Lè sa-a li di yo:

+.- "Nam mouin gin chagrin pou-m mouri: rété isit la, veyé avèk mouin".

L.- Li avansé yon ti kras, li tonbé sou fas li, li pran lapriyè, li di:

+.- "Papa mouin, si sa posib, fè kalis sa-a pasé louin-m; sèlman sé pa jan-m vlé-a, sé jan ou minm ou vlé".

L.- Li rivé kot disip li yo, li jouinn yo ap dòmi, li di Piè:

+.- "Konsa nou pa-t kapab veyé inèd-tan avèk mouin; veyé, lapriyè, pou nou pa antré nan tantasion. Léspri-a vif, min chè-a fèb".

L.- Yon lòt foua ankò, l-alé, li lapriyè, li di:

+.- "Papa mouin, si kalis sa-a pa kapab pasé, san mouin pa bouè-l, sé pou volonté-ou fêt".

L.- Li vini ankò, li jouinn yo ap dòmi (sèké je yo té lou) li kité yo, l-alé ankò, li lapriyè pou touazièm foua-a, antan l-ap di minm paròl la. Lè sa-a atò, li rivé kot disip li yo, li di yo:

+.- "Nou mèt dòmi atò, nou mét répozé: min lè-a ap proché, pou yo bay mouinan".

"Yo mét min sou Jézu, yo sézi-l".

L.- Pandan l-ap palé toujou, min Juda, youn nan douz yo, ki rivé, avèk li té gin yon pakèt foul avèk épé avèk baton, sé chèf prêt yo ak ansyin pèp yo ki té voyé yo. Sa-a minm ki t-ap bay li-a, li té ba yo yon sign, li té di:

***.**- "Sa-a m-ap bo-a, sé li minm, kinbé-l".

L.- Minm lè-a, li proché kot Jézu, li di:

***.**- "Salu, Rabi".

L.- Li bo-l. Jézu di-l:

+.- "Zanmi, sa-ou vi-n fè"?

L.- Lè sa-a atò, yo proché, yo mét min sou Jézu, yo kinbé-l. Min youn nan sa yo ki té avèk Jézu yo, li lonjé min-l, li soti épé-l, li frapé sèvitè chèf prêt la, li koupé zòrèy li. Lè sa-a Jézu di-l:

+.- "Rinntèt épé-ou nan plas li; sèké tout moun k-ap pran épé, y-ap péri ak épé. Oubyin èské-ou kouè, mouin pa kapab lapriyè Papa-m, pou-l voyé plis pasé douz

batayon anj pou mouin? Min kijan pou sa-k ékri yo réalisé, paské sé konsa-l doué fèt"?

L.- Lè sa-a Jézu di foul yo:

+.- "Tankou pou yon asasin, nou soti avèk épé avèk baton, pou nou arété-m: chak jou mouin té chita lakay nou, m-ap bay lansègnman nan tanp la, min nou pa-t kinbé-m".

L.- Min tou sa rivé, pou sa profèt yo ékri-a té kapab réalisé. Lè sa-a tout disip yo kité-l, yo sové kò yo.

"N-ap ouè Pitit Moun nan chita adouat pouvoua Bondié-a".

L.- Yo minm yo kinbé Jézu, yo kondui-l kot Kayif, chèf prèt yo, koté profésè yo ak ansyin yo té rasanblé. Piè minm t-ap suiv li dé louin jous nan lakou chèf prèt yo, li antré andan, li chita avèk sèvitè yo, pou-l ouè kijan sa ap fini.

Chèf prèt yo ak tout tribunal la t-ap chèché fo-témouin kont Jézu, pou yo fè-l mouri, min yo pa jouinn, malgré anpil fo-témouin té proché. Alafin gin dé fo-témouin ki rivé, yo di:

****.-** "Sa-a té di: 'Mouin kapab krazé Tanp Bondié-a, apré toua jou m-ap rébati-l' ".

L.- Chèf prèt yo lévé, li di-l:

***.-** "Ou pa réponn anyin nan bagay sa yo sa yo ap témouagné kont ou-a"?

L.- Jézu minm té pé bouch li. Chèf prèt yo di-l:

***.-** "Mouin pasé-ou lòd o non Bondié vivan-an, pou-ou di nou si-ou sé Kris, Pitit Bondié".

L.- Jézu di-l:

+.- "Ou di-l; réyèlman vré, mouin di nou, nan yon ti moman n-ap ouè Pitit moun nan ki chita adouat pouvoua Bondié-a, k-ap vini nan niaj sièl yo".

L.- Lè sa-a atò chèf prèt yo chiré rad li yo, li di:

***.-** "Li blasfémé: ki témouagnaj nou bézouin ankò? Min koulié-a nou tandé blasfèm nan: ki sa nou di nan sa"?

L.- Yo minm yo réponn, yo di:

****.-** "Li mérité lanmò".

L.- Lè sa-a yo kraché nan figi-l, yo frapé-l ak kout-pouin, ginyin minm ki ba-l souflèt nan figi-l, y-ap di:

****.-** "Déviné tankou profèt pou nou, Kris, kilès ki frapé-ou la"?

"Anvan kòk la chanté, ou-ap nié-m toua foua".

L.- Piè minm té chita déyò nan lakou-a, yon sèvant proché koté-l, li di:

*.- "Ou minm tou, ou té avèk Jézu moun Galilé-a".

L.- Li minm minm, li nié dévan tout moun, li di:

*.- "Mouin pa konnin ki sa ou-ap di-a".

L.- Pandan l-ap soti nan baryè-a, yon lòt sèvant ouè-l, li di moun yo ki té la-a:

*.- "Sa-a tou té avèk Jézu moun Nazarèt la".

L.- Li nié ankò avèk sèman:

*.- "Mouin pa rékonèt mésié-a".

L.- Apré yon ti moman, moun yo ki té kanpé la-a, yo proché, yo di Piè:

**.- "Sé vré, ou minm tou ou té avèk yo; sèké ata fason ou-ap palé-a fè ouè ou té avèk yo vré".

L.- Lè sa-a atò, li kòmansé pran Bondié pou témouin, li fè sèman li pa-t konnin mésié-a, minm lè-a yon kòk chanté. Piè sonjé paròl Jézu té di-a: "Anvan kòk la chanté, ou-ap nié-m toua foua". Li soti déyò, li kriyé avèk gro lapinn.

"Yo rinnèt Jézu bay Pons Pilat, préfè-a".

L.- Lè matin rivé, tout chèf prêt yo ak ansyin pèp yo fè konplo kont Jézu, pou yo rinnèt li bay lanmò. Yo kondui-l tou maré, yo rinnèt li bay Pons Pilat, préfè-a.

"Nou pa gin doua lagé-l nan trézò sakré yo, paské sé pri san li yé"

L.- Lè sa-a atò, Juda, sa-a ki té trayi-l la, li ouè yo té kondané-l, li vi-n gin rémò, li poté trant piès lajan yo rinnèt chèf prêt yo ak ansyin yo, li di:

*.- "Mouin fè péché, antan-m rinnèt yon sa-a ki kòrèk".

L.- Min yo minm yo di:

**.- "Ki sa sa fè nou? ou minm ki pou ouè".

L.- Li voyé lajan yo jété nan Tanp la, li pati, l-al pann tèt li ak yon kòd. Chèf prêt yo minm, yo pran lajan yo, yo di:

**.- "Nou pa gin doua mété-l nan trézò sakré yo, paské sé pri san li yé".

L.- Yo fè réyinion, ak lajan-an yo achté yon jadin moun ki konn fè krich pou yo antéré étranjé yo. Sé pousa yo rélé jadin sa-a: "Akèldama", sa vlé di "jadin san", jous jodi-a.

Lè sa-a atò, sa profèt Jérémi té di-a akonpli: "yo pran trant piès lajan, yo konté pri-a, pri sa-a pitit Izraèl yo bay pou mouin-an; yo bay yo pou jadin fig la, jan Granmèt la té pasé-m lòd la".

"Ou sé roua Juif yo"?

L.- Jézu minm té kanpé dévan préfè-a, préfè-a pozé-l késion, li di:

*.- "Ou sé roua Juif yo"?

L.- Jézu di-l:

+. - "Ou di-l".

L.- Pandan chèf prèt yo ak ansyin yo t-ap akizé-l, li pa réponn anyin. Lè sa-a atò Pilat di-l:

***.-** "Ou pa tandé tout kalité témoagnaj y-ap dékläré kont ou"?

L.- Li pa réponn li okinn paròl, atèl pouin préfè-a té sézi anpil. Min alokazion gran jou fèt la, préfè-a té konn lagé yon prizonié bay pèp la, sa yo té konn vlé-a. Lè sa-a té gin yon prizonié ki té fè gran koz, yo té rélé-l Barabas. Lè yo rasanblé, Pilat di:

***.-** "Kilès nou vlé pou-m lagé ba nou, Barabas oubyin Jézu, sa-a yo rélé Kris la"?

L.- Li té byin konnin sé poutèt jalouzi yo té bay li. Pandan li té chita dévan tribunal la, madamm li voyé koté-l, li di:

***.-** "Pi-nga gin anyin ant ou minm ak mésié sa-a ki kòrèk la; sèké mouin soufri anpil jodi-a nan vizion poutèt li".

L.- Chèf prèt yo minm avèk ansyin yo t-ap pousé pèp la pou yo mandé Barabas, min pou yo touyé Jézu. Préfè-a minm pran laparòl, li di yo:

***.-** "Kilès nou vlé pou yo lagé nan yo dé-a"?

L.- Yo minm yo di:

****.-** "Barabas".

L.- Pilat di yo:

***.-** "Ebyin kisa pou-m fè ak Jézu, sa yo rélé Kris la"?

L.- Yo tout yo di:

****.-** "Sé pou yo klouré-l sou koua".

L.- Préfè-a di yo:

***.-** "Ki sa-l fè ki mal"?

L.- Yo minm yo t-ap rélé pi rèd, yo t-ap di:

****.-** "Sé pou yo klouré-l sou koua".

L.- Lè Pilat ouè li pa t-ap gin okinn siksè, min sé dézòd ki t-ap fèt pi plis, li pran dlo, li lavé min-l dévan pèp la, li di:

***.-** "Mouin inosan nan san mésié sa-a ki kòrèk la; nou minm ki pou ouè".

L.- Tout pèp la réponn, li di:

****.-** "Sé pou san-l sou nou ak sou pitit nou yo".

L.- Lè sa-a atò, li lagé Barabas ba yo, Jézu minm li rinmèt li ba yo lè yo fi-n bat li, pou yo klouré-l sou koua.

"Salu, roua Juif yo".

L.- Lè sa-a atò, sòlda préfè yo pran Jézu nan palè-a, yo rasanblé tout gad yo koté-l. Yo ouété rad li, yo abiyé-l ak yon manto rouj, yo trésé yon kouròn ak pikan, yo pozé sou tèt li, yo mét yon rozo nan min douat li; yo fè jénifléksion dévan-l, y-ap pasé-l nan jouèt, y-ap di:

****.-** "Salu, roua Juif yo".

L.- Yo kraché sou li, yo pran rozo-a, y-ap frapé tèt li. Lè yo fi-n pasé-l nan jouèt kont kò yo, yo ouété manto-a sot sou li, yo abiyé-l ak rad li, yo kondui-l, pou yo klouré-l sou koua.

"Yo klouré dé asasin avèk li sou koua".

L.- Antan y-ap soti, yo rankontré yon mésié, moun Sirèn, yo rélé Simon; yo fòsé-l pou-l poté koua-l la. Yo rivé koté yo rélé Gòlgota-a, sa vlé di plas Kalvè-a. Yo ba-l divin pou-l bouè ki mélé avèk fièl, min kon-l gouté-l, li pa vlé bouè. Lè yo fi-n klouré-l sou koua-a, yo séparé rad li yo antan yo tiré osò, pou sa yo té di pa lantrémiz profèt la akonpli: "Yo séparé rad mouin yo antré yo, yo tiré manto-m nan osò". Yo chita, y-ap véyé-l.

Sou tèt li yo mété koz li-a, ki ékri: "Sa-a sé Jézu roua Juif yo". Lè sa-a yo té klouré dé asasin avèk li, youn adouat, lòt la agoch.

"Si sé pitit Bondié ou yé, désann sot sou koua-a".

L.- Moun ki t-ap pasé yo minm, yo t-ap jouré-l, antan y-ap souké tèt yo, y-ap di:

****.-** "An nou ouè, ou minm k-ap krazé Tanp Bondié-a pou-ou rébati-l nan toua jou-a ! sové pròp tèt ou: si sé Pitit Bondié ou yé, désann sot sou koua-a".

L.- Minm jan tou chèf prèt yo t-ap pasé-l nan jouèt, ansanm ak profésè yo ak ansyin yo, yo t-ap di:

****.-** "Li sové dòt, li pa kapab sové pròp tèt li: si sé roua Izraèl li yé, sé pou-l désann koulié-a sot sou koua-a, n-a kouè nan li. Li té mét konfians nan Bondié: sé pou-l délivré-l koulié-a, si-l vlé; sèké li té di: 'Sé Pitit Bondié mouin yé' ".

L.- Minm asasin yo ki té klouré sou koua avèk li yo, yo t-ap fè-l répròch.

"Éli, Éli, lamma sabaktani"?

L.- Min a midi, vi-n gin fè noua sou tout fas tè-a jouska touazè. Vè touazè, Jézu rélé byin fò, li di:

+- "Éli, Éli lama sabaktani"?

L.- Sa vlé di:

+- "Bondié mouin, Bondié mouin, pouki sa ou lagé mouin"?

L.- Kèk minm ki té kanpé la, ki t-ap kouté, yo t-ap di:

****.-** "Sé Éli l-ap rélé".

L.- Minm lè-a, youn nan yo kouri, li pran yon éponj, li plin-l ak vinèg, li mété-l nan yon rozo, l-ap éséyé ba-l bouè. Lòt yo minm t-ap di:

****.-** "Kité, an nou ouè si Éli ap vi-n délivré-l".

L.- Jézu minm pousé yon gran rèl ankò, li lagé souf li.

(Isit la, yo fè jénifléksion, yo rété yon ti moman an silans).

L.- Min voual Tanp la chiré an dé moso dépi anro jous anba, tè-a tranblé, ròch yo fann, kavo yo louvri, anpil kò sin yo ki t-ap dòmi, yo lévé. Yo soti nan kavo yo apré reziréksion-l nan, yo vi-n nan vil ki sin-an, yo parèt dévan anpil moun. Santirion-an minm ak sa yo ki té avèk li yo ap veyé Jézu-a, lè yo ouè tranbléman-tè-a ak bagay sa yo ki rivé yo, yo sézi anpil, yo di:

****.-** "Vrèman, sé Pitit Bondié sa-a té yé".

L.- Té gin anpil médam ki té la, yo té kanpé byin louin, yo minm ki té konn suiv Jézu dépi sot nan Galilé-a, pou yo té okipé-l la, nan pamì yo té gin Mari Madlèn, Mari manman Jak, ak manman Jozèf, ak manman pitit Zébédé yo.

"Jozèf dépozé kò Jézu nan kavo pa-l ki tou nèf.

L.- Kòm asouè té fi-n rivé, yon mésié rich, moun Arimati, yo rélé Jozèf, vi-n rivé, li minm tou li té disip Jézu. Li proché kot Pilat, li mandé kò Jézu. Lè sa-a Pilat pasé lòd pou yo rînmèt kò-a. Jozèf pran kò-a, li vlopé-l nan yon dra pròp. Li dépozé-l nan pròp kavo pa-l, ki té fouyé nan ròch la, li roulé yon gro ròch nan bouch kavo-a, épi li pati. Mari Madlèn minm té la, avèk lòt Mari-a yo té chita an fas kavo-a.

"Nou gin gad; alé, veyé-l jan nou konnin".

L.- Nan landmin, apré Pak la, chèf prêt yo rasanblé ak farizyin yo kot Pilat, yo di:

****.-** "Mèt, nou sonjé sa-a k-ap chèché tronpé moun nan, lè-l té vivan li té di konsa: 'Apré toua jou, m-ap résisité'. Pasé lòd pou yo veyé kavo-a jous touazièm jou-a, pou disip li yo pa rivé pou yo pa vòlè-l, pou yo pa di pèp la: 'Li résisité sot nan pamì mò yo': dènié érè sa-a t-a pi mal pasé prémié-a".

L.- Pilat minm di yo:

***.-** "Nou gin gad: alé, veyé jan nou konnin".

L.- Yo minm y-alé, yo veyé kavo-a, antan yo pozé sélé sou ròch la avèk gad yo.

OUBYIN PI KOUT**SOUFRANS GRANMÈT NOU JÉZU-KRI DAPRÉ MATIÉ**

27, 11-54

"Ou sé roua Juif yo"!

Lè sa-a:

Jézu té kanpé dévan Pons Pilat, préfè-a pozé-l késion, li di: "Ou sé roua Juif yo"?

Jézu di-l: "Ou di-l". Épi, pandan chèf prêt yo ak ansyin yo t-ap akizé-l, li pa-t réponn anyin. Lè sa-a atò, Pilat di-l: "Ou pa tandé tout kalité témouagnaj y-ap dékläré kont ou"? Li pa réponn li okinn paròl, atèl pouin préfè-a té sézi anpil.

Min alokazion gran jou fèt la, préfè-a té konn lagé yon prizonié bay pèp la, sa yo té konn vlé-a. Lè sa-a té gin yon prizonié ki té fè gran koz, yo té rélé-l Barabas. Lè yo rasanblé, Pilat di: "Kilès nou vlé pou-m lagé ba nou, Barabas oubuin Jézu, sa-a yo rélé Kris la"? Li té byin konnin sé poutèt jalouzi yo té bay li.

Pandan li té chita dévan tribunal la, madanm li voyé koté-l, li di: Pi-nга gin anyin ant ou minm ak mésié sa-a ki kòrèk la; sèké mouin soufri anpil jodi-a nan vizion poutèt li".

Chèf prêt yo minm avèk ansyin yo t-ap pousé pèp la pou yo mandé Barabas, min pou touyé Jézu. Préfè-a minm pran laparòl, li di yo: "Kilès nou vlé pou yo lagé nan yo dé-a"?

Yo minm yo di: "Barabas".

Pilat di yo: "Ebyin kisa pou-m fè ak Jézu, sa yo rélé Kris la"?

Yo tout yo di: "Sé pou yo klouré-l sou koua".

Préfè-a di yo: "Ki sa-l fè ki mal"?

Yo minm yo t-ap rélé pi rèd, yo t-ap di: "Sé pou yo klouré-l sou koua".

Lè Pilat ouè li pa t-ap gin okinn siksè, min sé dézòd ki t-ap fèt pi plis, li pran dlo, li lavé min-l dévan pèp la, li di: "Mouin inosan nan san mésié sa-a ki kòrèk la; nou minm ki pou ouè".

Tout pèp la réponn, li di: "Sé pou san-l sou nou ak sou pitit nou yo". Lè sa-a atò, li lagé Barabas ba yo, Jézu minm li rinmèt li ba yo lè yo fi-n bat li, pou yo klouré-l sou koua.

Soufrans Granmèt nou Jézu-Kri dapré sin Matié

Sign: L = Léktè

+ = Jézu

* = Yon moun / ** = Foul

Tèks : Matié 26,14 - 27,66

Mizik : Mgr. Frantz Colimon, smm

L.- Sou- frans Granmèt nou Jé- zu Kri da- pré Ma- tié.

L.- Lè sa-a: youn nan douz yo, sa yo rélé Juda Iska- riòt la, l-al kot chèf prêt yo, li di yo:

*.- "Kisa nou vlé ban mouin, m-ap rin- mèt li ba nou"?

L.- Yo minm yo te ranjé avèk li pou trant piès la- jan. Dépi lè sa-a li t-ap chèché yon okazion

pou-l rin- mèt li. Prémié jou Azim yo, disip yo proché kot Jézu, yo di:

*.- "Koté ou vlé nou pa- ré pou ou pou nou man- je Pak la"?

L.- Jé- zu minm di: +.- "Alé nan la- vil la kot in- tèl, di-l: 'Mèt la di: Lè-m nan tou pré,

sé la- kay ou m-ap fè Pak la a- vèk di- sip mouin yo".

L.- Disip yo fè jan Jézu té pasé yo lòd la yo pa- ré Pak la. Lè asouè ri- vé,
10 li té lonjé kò-l pou-l manjé avèk douz di- sip li yo. Pandan y-ap man- je, li di:

+.- "Amèn, mouin di nou, gin youn nan nou k-ap bay mouin".
 L.- Yo vi-n chagrin an- pil, yo chak yo kòmansé ap di: *.- "Eské sé mouin, Gran- mèt"?
 L.- Li minm li ré- ponn, li di: +.- "Sa-a ki plonjé min-l ansanm ak mouin nan plat la,
 sé li minm k-ap bay mouin. Pitit moun nan apralé, jan yo ékri sou li a;
 min ala malè pou moun sa-a ki sèvi lan- tré- miz pou yo bay Pitit moun nan!
 Li ta pi bon pou li, si-l pa-t janm fèt L.- Juda minm pran laparòl,
 li minm ki té bay li- a, li di: *.- "Eské sé mouin Ra- bi"? L.- Li di: +.- "Ou di-l".
 L.- Pandan y-ap man- jé, Jé- zu pran pin, li bé-ni, li kasé, li bay di- sip li yo, li di:
 +.- "Pran man- jé: sa-a sé Kò mouin". L.- Li pran kalis la, li di Bon- dié mè- si,
 20 li ba yo, li di: +.- "Bouè ladan-l nou tout; sa-a sé San-m pou nouveau a- lians la,

ki vidé pou an-pil moun pou pa-don pé-ché yo. Mouin di nou:
 Mouin pap bouè nan frui pié rézin sa-a an-kò jous nan jou sa-a, lè m-a bouè-l avèk nou
 tou nou-vo nan péyi-roua Pa-pa-m nan". L.- Lè yo fi-n di kan-tik la,
 yo soti al nan mòn pié O-liv yo: Lè sa-a a-tò Jé-zu di yo: +.- "Nou tout n-ap jouinn bariè
 poutèt mouin nan nuit sa-a; paské yo té é-kri: 'M-ap frapé ga-dyin-an,
 bann mou-ton yo ap ga-yé!. Min a-pré-m fi-n lé-vé vi-van, m-ap pran dé-van nou
 nan Ga-li-lé". L.- Piè pran laparòl, li di: *.- :Minm si tout moun jouinn ba-riè pou-tèt ou,
 mouin minm minm mouin pap janmjouinn ba-riè". L.- Min Jé-zu di-l: +.- "Amèn mouin di-ou,
 nan nuit sa-a minm, anvan kòk la chan-té, ou-ap réfizé réko-nèt mouin toua foua".
 30 L.- Min Piè di-l: *.- Minm si mouin gin pou-m mou-ri a-vèk ou,

The musical score consists of ten staves of music. Each staff begins with a single note followed by a series of eighth notes. The lyrics are written below each staff in a single-line font. The lyrics are as follows:

 mouin pap réfi- zé ré- ko- nèt ou". L.- Tout disip yo di minm jan tou.

 Lè sa-a Jézu rivé avèk yo nan abitasion yo rélé Jét- sé- ma- ni, li di di-sip li yo

 +.- "Rété i- sit la, pandan m-apral la- ba- a pou-m pri- yé".

 L.- Li pran Piè ak dé pitit Zé-bé-dé yo. Li kòmansé vi-n gin chagrin ak la-pinn. Lè sa-a li di yo:

 +.- "Nanm mouin gin chagrin pou-m mou- ri; rété i- sit la, vé- yé a- vèk mouin".

 L.- Li avansé yon ti kras, li ton- bé sou fas li, li kòmansé pri-yé, li di:

 +.- "Pa- pa mouin, si sa po- sib, fè kalis sa-a pa-sé louin-m; sèlman sé pa jan-m vlé-a,


 sé jan ou minm ou vlé". L.- Li rivé kot di- sip li yo, li jouinn yo ap dò- mi,


 li di Piè: +.- "Konsa nou pa-t kapab véyé yon èdtan a- vèk mouin; vé- yé,


 40 pri- yé, pou nou pa an- tré nan tanta- sion. Espri-a vif, min chè- a fèb".


L.- Yon lòt foua an-kò, l-a-lé, li pri-yé, li di: +.- "Pa-pa mouin, si kalis sa a pa kapab
 pasé, san mouin pa bouè-l, sé pou volon-té-ou fêt." L.- Li vini an-kò, li jouin yo
 ap dò-mi (sèké jé yo té lou), li kité yo, l-alé ankò, li priyé pou touazièm foua-a,
 antan l-ap di minm pa-ròl la. Lè sa-a atò, li rivé kot pati-zan-l yo, li di yo:
 +.- "Nou mèt dòmi a-tò, nou mèt répo-zé: min lè-a ap pro-ché, pou yo bay mouin-an".
 L.- Pandan l-ap palé tou-jou, min Juda, youn nan douz yo, ki ri-vé, avèk li té gin yon
 pakèt foul avèk épé avèk ba-ton, sé chèf prèt yo ak ansyin pèp yo ki té vo-yé yo.
 Sa-a minm ki t-ap bay li-a, li té ba yo yon sign, li té di: *.- "Si-la-a m-ap bo-a,
 sé li minm, kin-bé-l". L.- Minm lè-a, li proché kot Jézu, li di: *.- Sa-lu, Ra-bi".
 50 L.- Li bo-l. Jé-zu di-l: +.- "Zan-mi, sa-ou vi-n fè"? L.- Lè sa-a atò, yo proché,


yo mét min sou Jé- zu, yo kin-bé-l. Min youn nan sa yo ki té avèk Jézu yo, li lonjé min-l,
 li soti épé-l, li frapé sèvitè chèf prêt la, li kou- pé zò- rèy li. Lè sa-a Jé- zu di-l:
 +.- "Rinmèt é- pé-ou la nan plas li; sèké tout moun k-ap pran é- pé, y-ap pé- ri ak é- pé.
 Oubyin èské-ou kouè mouin pa kapab priyé Pa- pa-m pou-l voyé plis pasé
 douz ba-ta-yon anj pou mouin? Min kijan pou sa-k ékri-a réalisé, pas- ké
 sé kon-sa-l doué fêt"? L.- Lè sa-a Jé- zu di foul yo: +.- "Tankou pou yon asa-sin nou
 soti avèk épé avèk baton, pou nou a- ré- té-m; chak jou mouin té chita lakay nou,
 m-ap bay ansègnman nan tanp la, min nou pa-t kin- bé-m."
 L.- Min tou sa ri- vé, pou sa profèt yo té ékri-a té kapab ré- a- li- zé. Lè sa-a tout disip yo
 60 kité-l, yo sové kò yo. Yo minm yo kinbé Jézu, yo kondui-l kot Kayif, chèf prêt yo,



 koté skrib yo ak ansyin yo té ra- san-blé. Piè minm t-ap suiv li dé louin jous nan lakou



 chèf prèt yo, li antré anndan, li chita avèk sèvitè yo pou-l ouè kijan sa ap fi- ni.



 Chèf prèt yo ak tout konsèy la t-ap chèché fo-témouin kont Jézu, pou yo fè-l mou- ri,



 min yo pa jouinn, malgré anpil fo-témouin té pro-ché. Alafin gin dé fo-témouin ki rivé, yo di:



 **.- Sa-a té di: 'Mouin kapab krazé Tanp Bon-dié- a, apré toua jou m-ap ré- ba- ti-l'.


 L.- Chèf prèt yo lévé, li di-l: *.- "Ou pa ré- ponn an- yin nan bagay sa yo | sa yo ap


 témoua-gné kont ou-a"? L.- Jézu minm té pé bouch li. Chèf prèt yo di-l:


 *.- "Mouin pasé-ou lòd o non Bon- dié vi- van-an, pou-ou di nou si-ou sé Kris, Pi- tit Bon-dié".


 L.- Jé- zu di-l: +.- "Ou di-l; réyèlman vré mouin di nou, nan yon ti mo- man
 70


 n-ap ouè Pi- tit moun nan ki chita adouat pouvoua Bon-dié-a, k-ap vi- ni nan niaj sièl yo".

The musical score consists of eight staves of music in common time, treble clef, and a key signature of one flat. The lyrics are in Creole and are placed below each staff. The lyrics are as follows:

 L.- Lè sa-a atò chèf prèt yo chi- ré rad li yo, li di: *.- Li blas- fé- mé;

 ki té-mouagnaj nou bé- zouin an- kò? Min kou- lié- a nou tandé

 blas- fém nan: ki sa nou di nan sa"? L.- Yo minm yo réponn, yo di:

 **.- Li méri- té lan- mó". L.- Lè sa-a yo kraché nan fi- gi-l, yo fra- pé-l ak kout- pouin,


 ginyin minm ki ba-l souflèt nan fi-gi-l, y-ap di: **.- "Déviné tankou pro- fêt pou nou, Kris,

 ki-lès ki fra-pé-ou la"? L.- Piè minm té chita déyò nan la- kou- a, yon sèvant proché

 koté-l, li di: *. Ou minm tou, ou té a- vèk Jé- zu moun Gali- lé- a".

 L.- Li minm minm, li nié dévan tout moun, li di: *. Mouin pa kon- nin ki sa ou-ap di- a".

 L.- Pandan l-ap soti nan ba- riè-a, yon lòt sèvant ouè-l, li di moun yo ki té la-a:
 80 *.- "Sa-a tou té a-vèk Jé- zu moun Na-za- rèt la". L.- Li nié ankò avèk sè- man:


 *.- "Mouin pa ré-ko-nèt mé-sié-a". L.- Apré yon ti moman, moun yo ki té kanpé la-a,
 yo proché, yo di Piè: **.- "Sé vré, ou minm tou ou té a-vèk yo;
 sèkè ata fason ou-ap pa-lé-a fè ouè ou té a-vèk yo vré". L.- Lè sa-a atò, li kòmansé
 pran Bondié pou té-mouin, li fè sèman li pa-t kon-nin mé-sié-a, minm lè-a yon kòk chan-té.
 Piè sonjé paròl Jézu té di-a: "Anvan kòk la chan-té, ou-ap nié-m toua foua".
 Li soti déyò, li kriyé a-vèk gro la-pinn. Lè matin ri-vé, tout chèf prêt yo ak ansyin pèp yo
 fè konplo kont Jézu, pou yo rinmèt li bay lan-mò. Yo kondui-l tou maré, yo rinmèt li
 bay Pons Pi-lat, pré-fè-a. Lè sa-a atò, Juda, sa-a ki té trayi-l la, li ouè
 yo té kondané-l, li vi-n gin ré-mò, li poté trant piès lajan yo rinmèt chèf prêt yo
 90 ak ansyin yo, li di: *. - Mouin fè pé-ché, antan-m rinmèt yon san ki kò-rèk".

L.- Min yo minm yo di: **.- Ki sa sa fè nou? Ou minm ki pou ouè".

L.- Li voyé lajan yo jété nan Tanp la, li pati, l-al pann tèt li ak yon kòd. Chèf prêt yo minm, yo pran lajan yo, yo di: **.- "Nou pa doué mété-l nan ri-chès sa-kré yo paské sépri san li yé".

L.- Yo fè réyinion, ak lajan-an yo achté yon jadin moun ki konn fè krich, pou yo antéré étran-jé yo. Sé pousa yo rélé jadin sa-a "Akèldama", sa vlé di "jadin san",

jous jo-di- a. Lè sa-a atò, sa profèt Jérémi té di-a réa- li- zé vré: "Yo pran trant piès la-jan, yo konté pri-a, pri sa-a pitit Israël yo bay pou mouin- an; yo bay yo pou ja-din fig la, jan Granmèt la té pa- sé-m lòd la". Jézu minm té kanpé dévan pré- fè- a,

Préfè-a pozé-l késion, li di: *.- "Ou sé roua Juif yo?" L.- Jé- zu di-l: +.- "Ou di-l".

100
L.- Pandan chèf prêt yo ak ansyin yo t-ap aki- zé-l, li pa ré- ponn an- yin.

Lè sa-a atò Pi-lat di-l: *.- "Ou pa tandé tout kalité témouagnaj y-ap dé- kla- ré kont ou?"

L.- Li pa ré- ponn li o- kinn pa- ròl, atèl pouin préfè-a té sé- zi an-pil. Min alokazion

gran jou fèt la, préfè-a té konn lagé yon prizo- nié bay pèp la, sa yo té konn vlé- a.

Lè sa-a té gin yon prizonié ki té fè gran kòz, yo té ré- lé-l Ba-ra- bas. Lè yo rasanblé Pi-lat di:

*.- "Kilès nou vlé pou-m la-gé ba nou, Ba-ra- bas ou- byin Jé- zu, sa-a yo ré- lé Kris la"?

L.- Li minm li té byin konnin sé poutèt jalouzi yo té bay li. Pandan li té chita dévan tribinal la,

madanm li voyé koté-l, li di: *.- "Pinga gin anyin ant ou minm ak mésié sa-a ki kò-rèk la,

sèkè mouin soufri anpil jodi-a nan vi-zion pou-tèt li". L.- Chèf prêt yo minm avèk ansyin yo

t-ap poussé pèp la pou yo man- dé Ba- ra-bas, min pou yo touyé Jé- zu. Préfè-a minm
110

pran laparòl, li di yo: *.- "Kilès nou vlé pou yo la-gé nan yo dé-a"? L.- Yo minm yo di:

**.- "Ba-ra-bas". L.- Pilat di yo: *.- Ebyin kisa pou-m fè ak Jé-zu, sa yo ré-lé Kris la"?

L.- Yo tout yo di: **.- Sé pou yo klou-ré-l sou koua". L.-Préfè-a di yo: *.-"Ki sa-l fè ki mal"?

L.- Yo minm yo t-ap rélé pi rèd, yo t-ap di: **.- Sé pou yo klou-ré-l sou koua". L.- Lè Pilat ouè

li pa t-ap gin okinn sik-sè, min sé dézòd ki t-ap fêt pi plis, li pran dlo, li lavé min-l

dévan pèp la, li di: *.- "Mouin inosan nan san mésié sa-a ki kò-rèk la; nou minm ki pou ouè".

L.- Tout pèp la réponn, li di: **.- "Sé pou san-l sou nou ak sou pi-tit nou yo". L.- Lè sa-a atò,

li lagé Barabas ba yo. Jézu minm li rinnèt li ba yo lè yo fi-n bat li, pou yo klouré-l sou koua.

Lè sa-a atò, sòlda préfè yo pran Jézu nan palè-a, yo rasanblé tout gad yo ko- té-l.

Yo ouété rad li, yo abiyé-l ak yon man-to rouj, yo trésé yon kouròn ak pik'an, yo pozé sou tèt li,
120
yo mét yon rozo nan min douat li; yo fè jénifléksion dévan-l, y-ap pasé-l nan jouèt, y-ap di:

**.- "Sa- lu, roua Juif yo". L.- Yo kraché sou li, yo pran rozo-a, y-ap frapé tèt li
 Lè yo fi-n pasé-l nan jouèt kont kò yo, yo ouété manto-a sot sou li, yo abiyé-l ak rad li,
 yo kondui-l pou yo klouré-l sou koua. Antan y-ap so- ti, yo rankontré yon mésié,
 moun Sirèn, yo ré-lé Si-mon, yo fósé-l pou-l poté koua-l la. Yo rivé koté yo rélé Gòlgota-a,
 sa vlé di plas Kal-vè- a. Yo ba-l divin pou-l bouè ki mélé avèk fièl, min kon-l gouté-l,
 li pa vlé bouè-l. Lè yo fi-n kouré-l sou koua-a, yo séparé rad li yo antan yo ti- ré o-sò,
 pou sa yo té di pa lantrémez profèt la réalisé vré: "Yo séparé rad mouin yo antré yo,
 yo tiré man-to-m nan o-sò". Yo chita, y-ap vé-yé-l. Sou tèt li yo mété koz li-a, ki ékri:
 "Sa-a sé Jézu roua Juif yo". Lè sa-a yo té klouré dé asasin avèk li, youn adouat,
 lót la a- goch. Moun ki t-ap pasé yo minm, yo t-ap jouré-l, antan y-ap souké tèt yo, y-ap di:

130

**.- "An nou ouè, ou minm k-ap krazé Tanp Bon-dié- a pou-ou rébatil nan toua jou- a!

So- vé pròp tèt ou: si sé Pi- tit Bon- dié ou yé, dé- sann sot sou koua-a".

L.- Minm jan tou chèf prêt yo t-ap pa- sé-l nan jouët, ansanm ak skrib yo

ak ansyin yo, yo t-ap di: **.- "Li sové dòt, li pa kapab so- vé pròp tèt li:

si sé roua Is- ra-èl li yé, sé pou-l désann koulié-a sot sou koua-a, n-a kouè nan li.

Li té mét kon- fians nan Bon- dié: sé pou-l délivré-l kou- lié- a, si-l vlé;

sèké li té di: 'Sé Pitit Bon-dié mouin yé'." L.- Minm asasin yo ki té klouré sou koua avèk li yo,

yo t-ap fè- l ré- pròch. Min a midi, vi-n gin fénoua sou tout fas tè-a jouska toua- zè.

Vè touazè, Jézu rélé byin fò, li di: +.- "E- li, E- li la- ma sa- bak- ta- ni"?

140 L.- Sa vlé di: +.- "Bon- dié mouin, Bon- dié mouin, pouki sa ou la- gé mouin"?

L.- Kèk minm ki té kanpé la, ki t-ap kouté, yo t-ap di: **.- "Sé E-li l-ap ré- lé".

L.- Minm lè-a, youn nan yo kouri, li pran yon é- ponj, li plin-l ak vinèg, li mété-l nan yon ro-zo,

l-ap éséyé ba-l bouè. Lòt yo minm t-ap di: **.- "Ki-té, an nou ouè si E-li ap vi-n dé-li-vré-l".

L.- Jézu pousé yon gran rèl an- kò, li la-gé souf li. □ [Ajénou, silans]

min voual Tanp la chiré an dé moso dépi anro jous an- ba, tè-a tranblé, ròch yo fann,

kavo yo lou- vri, anpil kò sin yo ki t-ap dòmi, yo lé- vé. Yo soti nan kavo yo apré rézirék-

sion-l nan, yo vi-n nan vil ki sin- an, yo parèt dévan anpil moun. Santirion -an minm

ak sa yo ki té avèk li yo ap véyé Jézu-a, lè yo ouè tranbléman-d-tè-a ak bagay sa yo ki rivé yo,

yo sézi anpil, yo di: **.- "Ré- yèl- man vré, sé Pitit Bondié sa-a té yé".

150 L.- Té gin anpil médam ki té la, yo té kan- pé byin louin, yo minm ki té conn suiv Jézu

dépi sot nan Galilé-a pou yo té o- ki- pé-l la, nan pamí yo té gin Mari Mad- lèn,
 Mari, manman Jak, ak manman Jozèf, ak manman pitit Zé-bé-dé yo. Kòm asouè té fi-n ri- vé,
 yon mésié rich, moun Arimati, yo rélé Jozèf, vi-n rivé, li minm tou li té di-sip Jé- zu.
 Li proché kot Pilat, li mandé kò Jé-zu. Lè sa-a Pilat pasé lòd pou yo rin- mèt kò-a,
 Jozèf pran kò-a, li vlopé-l nan yon dra pròp. Li dépozé-l nan pròp kavo pa-l, ki té fou- yé
 nan ròch la, li roulé yon gro ròch nan bouch ka-vo- a, épi li pa-ti. Mari-Madlèn minm
 té la, avèk lòt Ma- ri- a, yo té chita an-fas ka-vo- a. Nan landmin, apré Pak la, chèf prèt yo
 rasanblé ak farizyin yo kot Pilat, yo di: **.- "Mèt, nou sonjé sa-a k-ap chèchè tron-pé moun nan,
 lè-l té vivan li té di kon-sa: 'A- pré toua jou m-ap ré- si- si- té'.
 Pa- sé lòd pou yo veyé kavo-a jous toua- zièm jou- a, pou disip li yo pa rivé

160

A musical score for a single voice, likely a soprano, in common time. The key signature is one flat. The music consists of five staves of music with corresponding lyrics in Haitian Creole. The lyrics are as follows:

pou yo pa vò- lè-l, pou yo pa di pèp la: 'Li lévé sot nan pa- mi mò yo':
dènié fot sa-a t-a pi mal pa- sé pré- mié- a". L.- Pilat minm di yo:
*. - "Nou gin gad; a- lé, vé- yé jan nou kon- nin". L.- Yo minm y-alé, yo véyé ka- vo- a,
antan yo pozé sélé sou ròch la a- vèk gad yo.
Pa- ròl Gran- mèt la.